

ÈSKE OUMENM OSWA YON MOUN OU KONNEN GEN ENKYETID KONSÈNAN

SA KI ANBA LA A:

Èske patnè mwen janm...

- ◆ Ban mwen move non?
- ◆ Rabese mwen, oswa fè mwen panse tèt mwen mal?
- ◆ Repwoche mwen lè bagay yo pa bon?
- ◆ Montre li jalou lè mwen soti avèk zanmi?
- ◆ Di mwen sa pou mwen mete oswa sa pou mwen fè?
- ◆ Fè mwen santi mwen pa kapab fè anyen ki bon?
- ◆ Akize mwen souvan kòm moun k ap twonpe li?
- ◆ Pouse mwen, frape mwen, oswa menase mwen?
- ◆ Kontwòle fason mwen itilize lajan?
- ◆ Menase pou fè mal sou bèt kay la oswa sou yon moun mwen apresye, pou touye li?
- ◆ Rele oswa tèks mwen toutan?

Si ou reponn wi pou nenpòt nan kesyon sa yo, ou ka nan yon relasyon ki pa bon pou sante ou oswa ki danjere. **Ou pa poukont ou, epi gen sipò ki disponib pou ou.**

Èske relasyon mwen kapab afekte sante mwen?

Anplis chòk ki vizib nan abi fizik, estrès ou genyen toutan lè ou gen yon patnè k ap kontwòle ou oswa ki vyolan kapab afekte lòt domèn sante emosyonèl ak kondisyon fizik ou.

- ◆ Èske mwen deprime oswa gen chagren?
- ◆ Èske mwen manje twòp oswa èske m ap gwosè? Èske mwen pa manje ase oswa èske gwosè mwen bese?
- ◆ Èske mwen bwè alkòl, fimèn, oswa pran dwòg pou mwen siviv?
- ◆ Èske mwen gen maltèt, doulè nan do oswa doulè nan vant souvan?

Moun ki viktim abi gen de fwa plis chans pou yo gen move sante. Gen bon etap ou kapab fè pou resevwa èd.

Enfòmasyon pou konnen...

- ◆ *Se pa janm fèt ou!*
- ◆ Vyolans afekte nou tout. Li afekte moun chak kilti, ras, klas, relijyon, laj, sèks, ak preferans seksyèl. Moun ki andikape, imigran, ak refijye souvan gen risk siplemantè.
- ◆ Alkòl ak/oswa dwòg pa lakòz yon moun vin vyolan. Vyolans se yon chwa.
- ◆ Yon moun itilize abi fizik, emosyonèl, vèbal, seksyèl ak finansye pou gen pouvwa ak kontwòl sou lòt patnè a.
- ◆ Abi pa ale apre yon peryòd tan. Anjeneral, li vin grav apre yon peryòd tan.
- ◆ Timoun yo AFEKTE lè y ap viv nan yon kay ki gen abi ladan.

Deskripsyon Misyon

DOVE angaje pou asosye avèk anpil kalite kominote, fanmi, ak moun ki afekte nan vyolans nan kay. Nou ankouraje lespwa, gerizon, sekirite ak chanjman sosyal lè nou bay anpil kalite sèvis prevantif ak reyaktif.

Istwa DOVE

Komisyon Majistra Quincy pou Fanm (Quincy Mayor's Commission on Women) ak volontè kominote konsène te kreye DOVE nan ane 1978, nan bon jan tèt ansanm avèk Depatman Lapolis Quincy (Quincy Police Department), Biwo Pwokirè Distri Konte Norfolk, St. Boniface Church ki nan Germantown, ak Quincy City Hospital. DOVE ede anpil milye moun ki viktim nan vyolans nan kay chak ane, epi nou bay sipò ak enfòmasyon pou moun ki enterese a yo konsènan fason pou bay yo èd. DOVE bay sipò nan liy dirèk 24 sou 24,abri annijans, sèvis kominotè, sèvis legal ak pwogram edikasyon.

Sèvis Defans ak Sipò DOVEJwenn yon pati nan sipò jenerè li avèk Biwo MA pou Èd pou Viktim (MA Office for Victim Assistance) dapre avèk sibvansyon dapre Lwa 1984 Konsènan Moun ki Viktim nan Krim (Victims of Crime Act 1984, VOCA), Biwo Pwogram Lajistis (Office of Justice Programs), Depatman Jistis Etazini (U.S. Department of Justice) ki anba administrasyon Biwo MA pou Ede Moun ki Viktim (MA Office for Victim Assistance, MOVA). Answit, sèvis DOVE yo sipòte avèk yon sibvansyon Biwo Egzekitif MA pou Pwoteksyon ak Sekirite Piblik (MA Executive Office of Public Safety & Security, EOPSS) bay, biwo administrasyon an pou Pwogram Sibvansyon Fòmil STOP (STOP Formula Grant Program) Biwo pou Vyolans Kont Fanm (Office on Violence Against Women). Nou jwenn lòt sipò nan men moun, biznis, legliz, ak sinagòg, gwoup kominotè, ak aktivite ranmasaj lajan.

Tout kontribisyon yo, lajan kach ak don ki pa lajan, dediktib nan taks nan limit lalwa.

DOVE, Inc.

P.O. Box 690267
Quincy, MA 02269

Liy Dirèk 24 sou 24, 617-471-1234
1-888-314-DOVE (3683)

Sèvis Defans ak Prevansyon pou Kominote
617-770-4065
Faks: 617-770-2206
www.dovema.org



Enprime sou papye resikle



YON KOTE POU KÒMANSE POU METE YON PWEN FINAL NAN VYOLANS NAN KAY



Liy Dirèk 24 sou 24
617-471-1234

Liy Dirèk pou Rele Gratis
1-888-314-DOVE (3683)

Sèvis Defans ak Prevansyon pou Kominote
617-770-4065

www.dovema.org





DOVE, Inc. (DOmestic Violence Ended) se yon òganizasyon non-komèsyal endepandan ki bay èd pou viktim ak sivivan nan vyolans nan kay ak pou pitit yo.

DOVE ofri anpil kalite sèvis jeneral. Nou bay sèvis sa yo nan yon anviwònman ki pwoteje ak konfòtab. Sèvis yo la pou ogmante sekirite, pou ankouraje gerizon, epi pou ogmante konesans ak resous pou moun n ap sèvi yo. Ekip DOVE resewva anpil fòmasyon epi yo byen edike sou afè ki gen pou wè ak vyolans nan kay, epitou yo travay pou bay sèvis yo nan yon apwòch ki konsantrè sou sivivan, avèk lide ki endike chak sivivan se yon moun, epi tout desizyon yo trè pèsònèl.

Tout sèvis kliyan yo gratis ak konfidansyèl.

Sèvis DOVE yo ka itil pou ou pou anpil kalite rezon:

- ◆ Ou viktim abi oswa w ap mande si relasyon ou bon pou sante ou.
- ◆ Ou vle aprann plis enfòmasyon sou vyolans nan kay ak si sa aplike pou ou.
- ◆ Ou se yon pwofesyonèl swen sante oswa founisè sèvis sosyal k ap chèche yon konsiltasyon sou yon pasyan oswa sou yon kliyan.
- ◆ Ou vle bay yon referans nan pwogram nou, epi/oswa ou ta renmen ekip nou an fè yon fòmasyon oswa yon sesyon enfòmasyon pou òganizasyon ou, biznis ou, gwoup ou, oswa pwogram ou.



DOVE bay sipò ak solisyon pou fanmi ki bezwen, tankou sa ki endike anba la yo:

Liy dirèk

Liy Dirèk 24 sou 24: 617-471-1234
Nimewo pou rele gratis: 1-888-314-3683

Yon ekip pwofesyonèl bay sipò ak entèvansyon pou kriz pou moun ki afekte nan vyolans nan kay epi pou fanmi, zanmi ak vwazen ki gen enkyetid pou moun pa yo.

Abri pou ljans

617-471-1234

Nou bay lojman pou yon ti tan pou adilt ak pitit yo nan yon anviwònman ki chalere ak konfidansyèl. Pandan sivivan yo nan abri a, yo resewva sipò, defans, jesyon dosye, èd legal, ak sèvis timoun.

Sèvis Defans ak Sipò

617-770-4065 x122

DOVE ofri entèvansyon pou kriz, evalyasyon risk ak planifikasyon sekirite, konsèy sipò, èd pou evalye konsekans vyolans, ak resous, enfòmasyon, ak èd pou fè rechèch nan sèvis sosyal, pou moun ki afekte nan vyolans nan kay.

Gwoup Edikasyon ak Sipò

617-770-4065 x121

DOVE ofri gwoup edikasyon ak sipò kote patisipan yo kapab ogmante konesans yo sou vyolans nan kay ak ladrès pou yo siviv an sante pandan y ap konekte avèk lòt sivivan.



Defans Sivil pou Vyolans nan Kay (Civilian Domestic Violence Advocacy)

617-653-4226

Yon Defansè DOVE ki baze nan Depatman Lapolis Quincy, Randolph, Dedham, Milton, Norwood ak Holbrook travay avèk viktim nou idantifye nan koutfil yo fè nan lapolis pou vyolans nan kay, pou bay enfòmasyon ak sipò avèk lòd restriksyon ak anpil kalite sèvis defans.

Defans Legal

617-770-4065 x120

Avoka Ekip la resewva fòmasyon pou bay planifikasyon sekirite, edikasyon, ak konsèy sou pwoblèm legal ki genyen akòz vyolans nan kay. Yon fason espesyal, ekip Pwogram Defans Legal travay sou ka ki konsène divòs, lagad timoun, sipò timoun oswa madanm/mari, ak lòd 209A pou prevansyon abi. Yon Avoka Ekip la kapab evalye ka ou epitou li kapab diskite sou ki chwa ki disponib.

Asistans ak Edikasyon pou Kominote a

617-770-4065 x104

DOVE ofri prezantasyon, sesyon enfòmasyon, ak fòmasyon sou anpil kalite sijè pou founisè sèvis kominote, legliz, lekòl ak pwogram pou jèn yo, kolèj ak inivèsite, pwofesyonèl swen sante, biznis, ak gwoup sivik. DOVE fè yon fòmasyon jeneral 35 èdtan tou sou vyolans nan kay ak pwoblèm asosye de fwa chak ane.

- Ou gen dwa pou rete an sekirite.*
- Ou gen dwa pou yo trete ou avèk respè.*
- Ou gen dwa pou pran desizyon yo.*
- Ou gen dwa pou di non.*
- Ou gen dwa pou grandi ak chanje.*
- Ou gen dwa pou ou se oumenm.*

